

SI OU SE VIKTIM VYOLANS NAN KAY, LAPOLIS AK TRIBINAL YO KAPAB EDE OU.

Sa Lapolis Kapab Fè:

- *Ede ou jenn yon kote ki gen sekirite, yon kote ki lwen vyolans.
- *Ba ou enfòmasyon sou fason tribinal kapab ede pwoteje ou kont vyolans.
- *Ede ou ak pitit ou yo jwenn swen medikal pou nenpòt chòk ou te pran.
- *Ede ou jwenn zafè ki nesèsè lakay ou.
- *Ba ou kopi rapò lapolis sou vyolans lan.
- *Fè yon plent nan tribinal kriminèl, epi fè ou konnen kote tribinal kriminèl lokal yo ak tribinal lokal ki okipe afè fanmi yo ye.

Sa Tribinal yo Kapab Fè:

- *Si moun ki fè ou mal la oswa ki menase ou se yon manm fanmi ki asosye nan san oswa maryaj, oswa si yon moun ou te gen yon timoun avèk li, swa se yon moun ou gen oswa te gen yon relasyon entim avèk li, lè sa a ou gen dwa pou pote ka ou nan tribinal ki okipe zafè fanmi, tribinal kriminèl oswa toulède.
- *Fòm ou bezwen yo disponib nan tribinal ki okipe afè fanmi ak tribinal kriminèl.
- *Tribinal yo kapab deside bay yon lòd pwoteksyon pou yon ti tan pou ou, pou pitit ou yo ak pou nenpòt temwen ki ka mande youn.
- *Tribinal ki okipe afè fanmi ka chwazi yon avoka pou ede ou nan tribinal la si yo jwenn ou pa gen mwayen pou pran youn.
- *Tribinal ki okipe afè fanmi ka bay lòd pou sipò timoun pou yon ti tan ak lagad timoun ou yo pou yon ti tan.

Men Sa Lwa New York Di: “Si ou se viktim vyolans nan kay, ou ka mande pou ofisye a ede ou nan satisfè bezwen sekirite ou ak sekirite pitit ou yo, epitou nan ba ou enfòmasyon sou fason pou jwenn yon lòd pwoteksyon pou yon ti tan. Ou ka mande pou ofisye a ede ou jwenn efè pèsònèl enpòtan yo epitou pou jwenn ou ak pran ou, oswa ede ou fè aranjman pou mennen ou ak pitit ou yon kote ki an sekirite ki nan jiridiksyon ofisye a, tankou men pa sèlman nan yon pwogram pou moun ki viktim vyolans nan kay, lakay yon manm fanmi oswa lakay yon zanmi, oswa yon kote ki sanblab pou jwenn sekirite. Lè jiridiksyon ofisye a pi plis pase yon sèl konte, ou ka mande ofisye a pou li mennen ou ak pitit ou oswa pou li fè aranjman pou mennen ou ak pitit ou yon kote ki gen sekirite nan konte kote ensidan an te pase a. Si oumenm oswa pitit ou yo bezwen tretman medikal, ou gen dwa pou mande pou ofisye a ede ou jwenn tretman medikal la. Ou ka mande yon kopi nenpòt rapò ensidan gratis nan ajans lapolis la. Ou gen dwa pou chèche konsèy legal ou chwazi poukont ou epi si ou ale nan tribinal ki okipe afè fanmi epi si yo detèmine ou pa gen mwayen pou pran yon avoka, tribinal la dwe chwazi youn ki pou reprezante ou san ou pa peye anyen.” “Ou ka mande pwokirè distri a oswa yon ofisye lapolis pou fè yon plent kriminèl pou ou. Ou gen dwa tou pou fè yon petisyon nan tribinal ki okipe afè fanmi lè yon moun fè yon zak familyal kont ou. Ou gen dwa pou fè petisyon ou epi pou mande yon lòd pwoteksyon depoze nan menm jou ou prezante nan tribinal la, epi yo dwe tande demann lan menm jou a oswa nan pwochen jou tribinal la gen odyans. Swa tribinal la ka bay yon lòd pwoteksyon pou konduit ki reprezante yon zak familyal ki kapab gen ladan, pami lòt dispozisyon yo, yon lòd pou moun ki reponn nan oswa akize a kanpe lwen ou ak pitit ou yo. Tribinal ki okipe afè fanmi an ka bay lòd pou peman sipò timoun pou yon ti tan tou epitou yo ka akòde ou dwa pou viv avèk pitit ou yo. Si tribinal ki okipe afè fanmi an pa gen odyans, ou ka chèche èd touswit nan tribinal kriminèl pou jwenn yon lòd pwoteksyon. Fòm ou bezwen yo pou jwenn yon lòd pwoteksyon disponib nan tribinal ki okipe afè fanmi ak tribinal kriminèl lokal. Ou kapab evalye resous ki disponib nan kominote sa a pou jwenn enfòmasyon ki konsène vyolans nan kay, tretman chòk, ak kote pou gen sekirite akabri depi ou rele nimewo ki gen kòd rejyonal 800 sa yo. Si ou fè yon plent kriminèl oswa yon petisyon nan tribinal ki okipe afè fanmi ki gen akizasyon ou konnen ki fo, ou fè yon krim.” (*Lwa sou Pwosedi Kriminèl Eta New York, Seksyon 530.11 (6)*)



ETA NEW YORK
LIY DIRÈK POU RELE 24 SOU 24 POU
VYOLANS NAN KAY
1-800-942-6906

Anglè ak Panyòl, Aksesibilite nan Anpil Lang
Sèvis Relè Nasyonal pou Moun ki Soud oswa
Moun ki Mal pou Tande: 711

VIL NEW YORK (tout lang)
1-800-621-Hope (4673) oswa 311
TDD: 1-866-604-5350

ENFÒMASYON SOU TRIBINAL

Vil New York—Enfòmasyon sou Tribinal Kriminèl
1-646-386-4500

Pou jwenn enfòmasyon sou tribinal pou lòt zòn Eta New York, mande ofisye ki reponn nan pou li ba ou nimewo tribinal la, ale nan anyè telefòn nan, oswa rele Liy Dirèk pou Rapòte Vyolans nan Kay (1-800-942-6906)



ENFÒMASYON SOU VIKTIM AK AVI CHAK JOU (VICTIM INFORMATION AND NOTIFICATION EVERYDAY, VINE)

Viktim yo ka resevwa enfòmasyon ki gen pou wè ak sitiyaasyon an dat piblikasyon moun yo fèmen nan prizon leta oswa gadavi lokal nan Eta New York. Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram sa a ak sou fason ou kapab anrejistre, rele nimewo

1-888-VINE-4NY (1-888-846-3469) Sa a se yon sistèm otomatize.

ENFÒMASYON OTOMATIZE NAN ETA A POU VIKTIM AK AVI (STATEWIDE AUTOMATED VICTIM INFORMATION AND NOTIFICATION, SAVIN-NY)

Pwogram avi pou viktim ki pèmèt viktim vyolans nan kay yo anrejistre pou yo resevwa avi lè yon yo bay yon Lòd Pwoteksyon Tribinal ki Okipe Afè Fanmi

www.savin-ny.com